

Plan Aksyon NYC CDBG-DR pou Siklòn Ida

Amanman 6

TAB MATYÈ

1.	Rezime Egzekitif.....	1
	Apèsi	1
	Apèsi sou Katastwòf Espesifik	3
	Rezime	11

1. REZIME EGZEKITIF

Apèsi

Nan swa Mèkredi, 1ye septanm 2021, rès Tanpèt Ida te rive nan New York. Malgre ke tanpèt la te reklasifye kòm yon siklòn pòs-Twopikal nan moman sa a, li te bat rekò vil la pou kantite lapli ki tonbe nan yon èdtan, pwovoke inondasyon jeneralize epi domaj ki koute plizyè santèn milyon dola, e li touye 13 moun nan vil New York. Nan 5 septanm 2021, Prezidan Joseph R. Biden, Jr. te emèt yon deklarasyon katastwòf majè pou Eta New York ([4615-DR-NY](#)).

Nan 22 mas 2022, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) [Department of Housing and Urban Development] te anonse ke Vil New York ("Vil la") pral resevwa \$187,973,000 nan finansman pou soutni efò rekiperasyon alontèm apre Tanpèt Ida, ki pral administre pa Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra NYC (OMB) [NYC Mayor's Office of Management and Budget]. Yo te anonse ofisyèlman alokasyon sa a nan Avi Rejis Federal la ki rele *Alokasyon pou Sibvansyon Blòk pou Devlopman Kominotè pou Rekiperasyon apre Katastwòf (CDBG-DR) ak Aplikasyon Egzanpsyon Konsolide ak Egzijans Altènatif CDBG-DR* yo (Vol. 87, No. 100, 5/24/2022, [87 FR 31636](#)), epi yo te mete fon yo disponib atravè Lwa 2022 sou Kredi Siplemanntè pou Sekou apre Katastwòf ([Lwa Piblik 117-43](#)). Vil la te lage plan aksyon CDBG-DR inisyal li pou Siklòn Ida pou kòmantè piblik nan dat 26 out 2022. Apre yon peryòd kòmantè piblik ak yon tandè piblik, Vil la te soumèt plan li a HUD nan dat 19 oktòb 2022. HUD te apwouve plan an nan 19 desanm 2022.

Nan 18 janvyè 2023, HUD te anonse atravè yon dezyèm Avi Rejis Federal li te bay yon lòt \$1.4 milya dola nan fon CDBG-DR pou katastwòf ki te rive nan 2021 (Vol. 88, No. 11, 1/18/2023, [88 FR 3198](#)). Alokasyon siplemanntè sa yo te posib gras ak fon ki te apwovizyone nan Continuing Appropriations Act, 2023 ([Public Law 117-180](#)), ki te vòtè sou 30 septanm 2022. Atravers sa a, Vil la pral resevwa yon lòt \$122,844,000, sa ki pote total alokasyon CDBG-DR pou Tanpèt Ida nan vil la a \$310,817,000.

Fon CDBG-DR yo dwe itilize pou adrese bezwen ki poko satisfè ki gen rapò ak "sekou katastwòf, rekiperasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak lojman, revitayalizasyon ekonomik, ak mitigasyon, nan zòn ki pi afekte ak nan difikilte." Atravè gwo amannman sa a nan Plan Aksyon li a, Amannman 6 nan Plan Aksyon an (APA), Vil la pwopoze reyafekte yon total \$86,562,461 nan fon CDBG-DR yo nan nouvo pwogram ak pwogram ki deja egziste:

Sous Reyafektasyon yo Pwopoze yo - (\$86,562,461):

- **Amelyorasyon Rezilyans: Inite 1 rive 4 - (\$31,753,713)**

Nan premye Plan Aksyon CDBG-DR li a, Vil la te pwopoze yon pwogram pou modifiye kay pou yon sèl fanmi (jiska kat inite) pou rann yo pi rezistan kont inondasyon dlo lapli. Depi piblikasyon premye Plan Aksyon sa a, Vil la kontinye etidye zòn ki pi vilnerab devan gwo inondasyon yo ak fason ki pi efikas alokasyon CDBG-DR Vil la kapab sipòte efò rezilyans yo. Nan kad gwo amannman sa a, Vil la pwopoze pou li pa finanse vèsyon aktyèl pwogram Amelyorasyon Rezilyans lan ankò: Pwogram Inite 1 rive 4 la, epi pou li reyafekte fon yo nan lòt aktivite ki pral sèvi kay pou yon sèl fanmi, tankou pwogram Mobilite Lojman ak Rezilyans Jewel Streets la ak pwojè enfrastrikti vèt ki pral pi byen kontwole dlo lapli nan zòn rezidansyèl yo.

- **Retablisman ak Rezilyans NYCHA: Pati Depans Lokal FEMA - (\$30,483,617)**

Vil la te pwopoze deja pou kouvri kontribisyon kontrepati lokal obligatwa NYCHA a pou travay retablisman ki finanse atravè pwogram Asistans Piblik FEMA a, sizoka Eta Nouyòk pa ta kouvri depans sa yo. Depi lè sa a, Eta Nouyòk konfime li pral kouvri depans sa yo, kidonk yo pral reyafekte alokasyon CDBG-DR ki se \$30,483,617 la nan pwogram ki nan lis anba a. Tanpri sonje Vil la mete Analiz Bezwen ki Poko Satisfè li a ajou tou pou refilete chanjman sa a.

- **Ekspansyon Enfrastrikti Vèt: Brownsville Cloudburst - (\$23,590,547)**

Akòz kontrent tan, Vil la pa pwopoze ankò pou itilize fon CDBG-DR yo pou pwojè Brownsville South Cloudburst la. Vil la toujou gen entansyon fini pwojè a, men li pral itilize lòt sous finansman pou fè sa.

- **Enfrastrikti Vèt: NYCHA - (\$279,484)**

Vil la pwopoze reyafekte finansman sipli yo prevwa a.

- **Planifikasyon Rezilyans: Inisyativ pou Amelyore Done sou Ijans - (\$455,100)**

Vil la pwopoze reyafekte finansman sipli yo prevwa a.

Itilizasyon Reyafektasyon yo Pwopoze yo - \$86,562,461:

- **Mobilite Lojman ak Rezilyans Jewel Streets - \$20,000,000**

Vil la pwopoze mete \$20,000,000 nan yon pwogram pilòt ki pral achte ak/oswa modifiye pwopriyete rezidansyèl pou yon sèl fanmi nan katye Jewel Streets la, kote yo prevwa gwo risk inondasyon dlo lapli ap kontinye. Pwogram nan pral ofri tou ankourajman pou patisipan ki kalifye nan pwogram nan demenaje nan zòn ki gen mwens risk inondasyon.

- **Espas Kominotè Rezistan nan Lojman Abòdab - \$12,847,000**

Vil la pwopoze konstwi yon etablisman kominotè rezistan nan yon twazyèm lokal, yon devlopman lojman abòdab pou granmoun aje ki gen 134 inite nan Queens.

- **Ekspansyon Enfrastrikti Vèt- \$47,590,547**

Vil la pral finanse an pati pwojè Cloudburst Parkchester/Morris Park (Bronx) ak East New York (Brooklyn), ki pral itilize yon konbinezon enfrastrikti vèt ak gri pou absòbe, estoke epi transfere dlo lapli pou minimize inondasyon gwo lapli lakòz. Parkchester/Morris Park ak East New York se zòn Ida te afekte ke Vil la detèmine ki vilnerab devan gwo lapli toudenkou alavni, epi yo gen ladan zòn ki klase pou kay yon sèl fanmi. Pwojè East New York Cloudburst la pral resevwa \$14,000,000, epi pwojè Parkchester/Morris Park Cloudburst la pral resevwa \$33,590,547 nan fon CDBG-DR.

- **Sansibilizasyon sou Danje ak Sansibilizasyon Kominotè - \$397,468**

Vil la pwopoze finanse yon Espesyalis nan Estrateji Rezilyans pou pi byen dirije analiz danje ak vilnerabilite ki baze sou done nan tout Vil la.

- **Planifikasyon Rezilyans -**

Vil la pwopoze elaji sijè ki abòde etid sa yo:

- Etid sou Posibilite Enèji Jewotèmik - \$100,064
- Etid Katye: Jewel Streets - \$266,865

- **Administrasyon CDBG-DR - \$5,360,517**

Anplis reyafektasyon ki dekri anwo yo, Vil la ap revize sijè ki abòde pwogram **Pwoteksyon Red Hook kont Inondasyon** an. Akòz yon lòt pwojè k ap fèt nan zòn nan, fon CDBG-DR yo p ap sipòte ankò travay rezilyans ki asosye ak sòustasyon k ap sèvi Tèminal Kwazyè Brooklyn ak Tèminal Kontènè Red Hook la. Olye de sa, fon CDBG-DR pou lokal sa yo pral sipòte konstriksyon Brooklyn Waterfront Greenway la, pou entegre pwoteksyon kont inondasyon pwojè Rezilyans Kotyè Red Hook la nan katye ki antoure a.

APA 6 sijè a yon peryòd kòmantè piblik de 30 jou ki pral fini nan 15 Septanm 2026. Kòmantè yo dwe resevwa pa pita pase Vandredi, 16 Oktòb 2026 a 11:59 P.M. (LÈS). Kòmantè alekri yo ka soumèt bay CDBGComments@omb.nyc.gov oswa bay Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a, nan Atansyon: Julie Freeman, Direktè Devlopman Kominotè, 255 Greenwich Street, 8th Floor, NouYòk, NouYòk 10007.

Gen yon odyans ki pwograme pou jedi 10/8/2026, soti 6:00 rive 7:00 p.m., pou resevwa kòmantè sou itilizasyon fon CDBG-DR Vil la pwopoze a. Manm piblik la ka patisipe nan odyans lan swa an pèsòn oswa vityèlman. Enfòmasyon pou patisipe nan odyans lan sou entènèt oswa an pèsòn disponib anba a:

Lyen ZOOM pou patisipasyon sou entènèt:

https://us06web.zoom.us/webinar/register/WN_fk1Fx3yIR5OpGKLRWtmhBA.

ID Seminè sou Entènèt: 897 3335 4124

Kòd Aksè: 1

Kote pou patisipasyon an pèsòn:

Sal Odyans Komisyon Planifikasyon Vil NYC
120 Broadway, Nivo Anba
New York, New York 10002

Tanpri fè Depatman Planifikasyon Vil Nouyòk la konnen si ou bezwen aranjman rezonab oswa sèvis entèpretasyon nan yon lang etranje pou patisipe nan odyans piblik la. Tanpri voye demann yo pa imèl bay accessibilityinfo@planning.nyc.gov oswa rele 212-720-3366 omwen senk jou ouvab anvan odyans lan.

Nan fen peryòd kòmantè a, tout kòmantè yo pral egzaminen, epi repons Vil la pral enkli nan aplikasyon an. Demann final la, ki gen yon rezime kòmantè ak repons Vil la, pral soumèt bay HUD epi afiche sou sitwèb CDBG-DR Vil la.

Apèsi sou Katastwòf Espesifik

Nouyòkè yo, malerezman, pa etranje ak move tan sevè. Kòm yon vil kotyè sou kòt lès la, rezidan yo te toujou konnen ke Vil Nouyòk se vil ki sansib a vag chalè, blizad, ak inondasyon kotyè. Sepandan, nan ete 2021, yon seri tanpèt sevè te fè klè ke yon lòt menas ofisyèlman prezan pou nou: evènman lapli ekstrèm ki mennen nan inondasyon nan peyi a. evènman gwo lapli ki lakòz inondasyon andedan


tè yo. Kòmanse 8 jiyè ak Tanpèt Twopikal Elsa epi fini 1^{re} ak 2 septanm ak Siklòn Pòs TROPICAL (PTC) Ida, vil la te sibi twa tanpèt ki *chak* pwodui lapli ki te gen sèlman yon chans yon pousan oswa mwens pou rive nan yon ane done. Tanpèt Twopikal Henri, ki te frape 21 out, te kraze dosye vil la pou lapli nan yon sèl èdtan, sèlman pou yo te depase pa PTC Ida 10 jou pita.

Vil la te ap planifye pou lapli ekstrèm pandan plizyè ane - Vil la te lage yon Plan Rezilyans Dlo Tanpèt nan mwa me 2021 - sepandan, rejyon an poko t ap eksperyansye yon tanpèt ak entansite ak fòs PTC Ida. Pandan ke tanpèt Twopikal nan ete a te pote lapli lou, evènman sa yo te fèt pandan peryòd tan ki pi long epi yo pa t wè lapli kontinyèl ak entans ki te koze pa Ida. Pou premye fwa nan istwa, Sèvis Nasyonal Meteworolojik la te bay yon ljan Inondasyon Flash pou New York City. Nan Staten Island, Ida te pwodui plis pase nèf pous lapli nan mwens pase 12 èdtan, ak yon pati konsiderab nan twa èdtan. Nan Bronx Ovest, plis pase twa pous lapli te tonbe nan yon sèl èdtan.

Anplis de total lapli istorik Ida a, tanpèt la te tou remakab pou kote inondasyon yo te rive. Lapli soutni tanpèt la te depase sistèm kanalizasyon vil la, ki tipikman gen kapasite pou jere 1.75 pous lapli pa èdtan. An konsekans, dlo te akimile nan lari yo e li te koule nan sistèm metwo, kav, ak sousòl, espesyalman nan zòn peyi a ki soti nan zòn inondab santènè. Dapre analiz Vil la sou pwopriyete ki domaje yo, sèlman 6.9% nan bilding ki afekte pa Ida yo nan zòn inondasyon 100 an, ak 13.7% nan zòn inondasyon 500 an.

Vil la estime apeprè 33,500 batiman ki te sibi domaj, sa reprezante anviwon 3.3% nan tout batiman nan vil la. Pandan ke enpak Ida a te santi atravè tout senk awondisman yo, tanpèt la te patikilyèman enpòtan nan awondisman ekstèn yo. Nan pwopriyete ki domaje yo, 39.9% te nan Queens, 26.7% te nan Brooklyn, 18.7% te nan Bronx, ak 12.7% te nan Staten Island, pandan sèlman 2.0% te nan Manhattan. An konsekans, Deklarasyon Katastwòf Prezidansyèl la te deklare Bronx County, Kings County (Brooklyn), Queens County, ak Richmond County (Staten Island) elijib pou pwogram Asistans Endividyèl ak Piblik FEMA, pandan ke New York County (Manhattan) sèlman elijib pou Asistans Piblik FEMA. Anplis, HUD pa t enkli Manhattan nan lis zòn ki pi afekte ak nan difikilte pou ki fon CDBG-DR yo ta dwe priorize.

Fig 1.1: Kat Deklarasyon Katastwòf pou Eta Nouyòk



Figi 1.2: Kat Chalè Pwopriyete ki Domaje yo

Bilding Siklòn Pòs-Twopikal Ida te Domaje

Lè yo konsidere chak awondisman apa, Queens ak Brooklyn te gen pi gwo kantite pwopriyete ki te domaje. Sepandan, lè yo egzamine domaj yo dapre Zòn Tabulasyon Distri Kominotè (CDTA), domaj yo te distribye yon fason relativman egal nan kat awondisman ki te pi afekte yo: pa gen okenn CDTA ki te reprezante plis pase 7.1% pwopriyete ki te domaje yo.

Jesyon Ijans Vil Nouyòk te bay done sou pwopriyete ki te domaje yo, epi yo rezime yo dapre Zòn Tabulasyon Distri Kominotè 2020 yo.



Fig 1.3: Pwopriyete ki Domaje dapre CDTA – Kantite Blding ki Domaje

Bâtiments endommagés par le cyclone post-tropical Ida

Jesyon Ijans Vil Nouyòk te bay done sou pwopriyete ki te domaje yo, epi yo rezime yo dapre Zòn Tabulasyon Distri Kominotè 2020 yo.

Blding ki Domaje





Fig 1.4: Pwopriyete ki Domaje dapre CDTA – Pousantaj Bilding ki Domaje

Bilding Siklòn Pòs-Twopikal Ida te Domaje

Jesyon Ijans Vil Nouyòk te bay done sou pwopriyete ki te domaje yo, epi yo rezime yo dapre Zòn Tabulasyon Distri Kominotè 2020 yo.

Pousantaj Bilding ki Domaje



Tanpèt la te gen yon enpak ki pi gwo tou sou pwopriyete rezidansyèl yo: plis pase 92% pwopriyete ki te domaje yo se estrikti rezidansyèl, malgre pwopriyete rezidansyèl yo reprezante mwens pase 87% tout bilding nan tout Vil la. Bilding ki gen espas komèsyal, tankou bilding pou itilizasyon mik, reprezante 7.5% bilding ki te afekte yo. Apeprè 800 bilding ki te domaje te sèlman pou itilizasyon komèsyal, sa ki reprezante 2.4% tout bilding ki te afekte yo. Domaj nan pwopriyete komèsyal yo te sitou gen rapò ak pèt estòk ak ekipman, olye domaj estriktirèl.

Tousuit apre Ida, Depatman Bilding Vil la te enspekte plizyè milye bilding nan tout Vil la epi li te deklare 116 bilding pa t an sekirite pou moun okipe yo, swa an antye oswa an pati. Anplis de sa, enspeksyon FEMA yo te fini jiska prezan te idantifye 10 bilding rezidansyèl kòm bilding ki te detwi, epi 1,282 te sibi gwo domaj. Malgre domaj yo pa t grav menm jan ak nan tanpèt anvan yo, tankou Siklòn Sandy, lefètke tanpèt la te frape andedan tè yo, dimansyon domaj yo atravè awondisman ki andeyò Manhattan yo, ak rapidite lapli a reprezante yon chanjman radikal nan fason Vil la reyaji devan gwo evènman metewolojik epi prepare pou yo.

Dapre premye analiz Vil la, bezwen Vil la pou finansman DR kapab gwoupe nan plizyè domèn:

Kay ki Gen Youn rive Kat Inite ak Apatman nan Sousòl

Ti bilding rezidansyèl yo te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl: byenke kay pou youn ak de fanmi reprezante 52% bilding nan tout Vil la, yo te reprezante 75% bilding Ida te afekte yo. Pwopriyete ki te domaje sa yo sitiye toupatou nan Vil la, men pifò ladan yo konsantre nan Queens, Brooklyn ak Bronx, epi anpil ladan yo nan kominote ki gen revni fèb ak kominote imigran ki gen yon gwo pousantaj popilasyon ki an danje. Pifò domaj nan pwopriyete ki gen youn rive kat inite yo soti nan inondasyon nan espas ki anba nivo tè oswa nan nivo tè (pa egzanp, sousòl ak premye etaj).

Apatman nan Sousòl

Nan tout Vil la, plizyè dizèn milye Nouyòkè ap viv nan apatman ilegal ki anba nivo tè. Inite sa yo souvan pa satisfè egzijans sekirite debaz yo, sa ki mete moun k ap viv ladan yo anfas yon pi gwo risk inondasyon, dife ak lòt danje pou sekirite. Sepandan, inite sa yo se yon sous enpòtan lojman abòdab tou epi yo ofri Vil la yon opòtinite esansyèl pou li atenn objektif li nan zafè lojman abòdab. Anjeneral, inite sa yo gen pri lwaye ki pi ba epi yo kapab pi aksesib pou Nouyòkè ki gen revni fèb, tankou gwoup ki pa jwenn ase sèvis sou mache lojman an. Apatman nan sousòl yo bay pwopriyetè yo yon sous revni siplemantè tou; souvan, pwopriyetè sa yo se ti pwopriyetè kay ki abite sou plas. Kòd ak règleman ki konplike epi ki demode yo fè li difisil pou mete inite sa yo an konfòmite pou yo ka itilize yo san danje epi legalman. Amelyore sekirite moun k ap viv nan sousòl yo, sitou pandan inondasyon, se youn nan pi gwo priyorite Vil la.

Kay ki Gen Gwo Risk Inondasyon

Depi piblikasyon premye Plan Aksyon an, Vil la te kontakte pwopriyetè kay ak lokatè ki abite nan kay ki gen gwo risk inondasyon epi ki ka enterese nan yon pwogram volontè pou demenaje nan zòn ki mwens vilnerab oswa, nan kèk ka, modifiye pwopriyete yo pou ogmante rezilyans yo kont inondasyon. Akoz enterè moun yo te montre, Vil la te pran angajman pou lanse yon pwogram konsa, epi an 2025 li te pibliye yon Kad pou Akizisyon Rezilyan ki prezante estrateji Vil la pou achte pwopriyete epi sipòte rezidan yo. (Travay sa a te finanse an pati avèk fon CDBG-DR atravè aktivite Planifikasyon pou Racha ak Akizisyon an.) Amannman sa a nan Plan Aksyon an rekonèt bezwen ki asosye ak kay ki gen gwo risk inondasyon yo kòm yon domèn kote bezwen yo poko satisfè, epi li

pwopoze finanse yon pwogram pilòt, Mobilite Lojman ak Rezilyans Jewel Streets, pou satisfè bezwen sa a an pati.

Re foulman Egou

Domaj yo te rive ni akòz dlo inondasyon ki te antre nan fenèt ak pòt, ni akòz egou ki te refoule antre nan kay yo atravè aparèy plonbri yo. Tiyo anti-retou yo diminye posiblite pou dlo egou kri refoule nan sousòl yo epi yo se yon mwayen ki pa chè pou anpeche plizyè dizèn milye dola domaj. Kounye a, Vil la ap etidye kote enstalasyon tiyo anti-retou yo ta pi efikas pou pwopriyetè yo.

Lojman Abòdab ak Lojman Piblik

Otorite Lojman Vil Nouyòk (NYCHA) posede epi jere plis pase 170,000 inite lojman piblik kote prèske yon demi milyon Nouyòkè ki gen revni fèb abite. Anpil nan fanmi sa yo pa t ap kapab jwenn yon apatman abòdab nan mache lojman Vil la, ki vin pi chè ak pi konpetitif chak jou. Prezève pati esansyèl sa a nan rezèv lojman abòdab la—ni pou rezidan NYCHA jodi a ni pou jenerasyon k ap vini yo—se youn nan pi gwo priyorite Vil la.

Apre 230 pwopriyete NYCHA posede te afekte akòz Ida, epi 13 konplèks lojman nan Bronx, Brooklyn ak Queens te sibi domaj ki te patikilyèman grav. Kounye a, NYCHA estime depans pou domaj nan pwopriyete li jere yo se omwen \$350 milyon. Malgre lòt sous pral kouvri yon pati enpòtan nan depans sa yo, NYCHA gen yon gwo bezwen finansman pou mezi diminisyon risk ki poko satisfè, pou anpeche gwo domaj ak gwo depans nan katastwòf alavni.

Apre piblikasyon premye Plan Aksyon Vil la pou Siklòn Ida, Vil la te idantifye yon bezwen siplemantè ki poko satisfè ki vo \$51 milyon epi ki gen rapò ak de konplèks lojman abòdab nan Brooklyn. Hope Gardens ak Bushwick Gardens te domaje pandan Siklòn Ida epi yo inonde de fwa depi lè sa a. Malgre yo te fini travay retablisman ki vo plis pase \$40 milyon, gen lòt travay diminisyon risk ki nesèsè pou anpeche inondasyon alavni.

Sansibilizasyon ak Lòt Sèvis Piblik

Enfòmasyon sou Odyans Piblik

Siklòn Pòs-Twopikal Ida te frape moun ki gen konpetans limite nan lang angle (LEP) yo patikilyèman di. Dapre rapò medya yo, plizyè nan viktim Ida yo nan Vil Nouyòk pa t pale angle oswa yo te gen konpetans limite nan lang angle. Malgre Vil la kapab pibliye alèt ijans nan plizyè lang atravè sèvis Notify NYC li a, Sèvis Metewolojik Nasyonal la (NWS) pa kapab fè sa. Anplis de sa, itilizatè yo dwe enskri pou resevwa alèt Notify NYC yo olye yo resevwa yo plis oswa mwens otomatikman, menm jan sa fèt pou alèt NWS ki baze sou kote moun nan ye a. Jan Ida te montre sa, inegalite nan aksè ak enfòmasyon kapab gen konsekans grav ki afekte kominote LEP yo yon fason ki pa pwopòsyonèl, epi yon avi bonè ak aksesib enpòtan anpil pou pwoteje ak prezève lavi moun.

Asirans kont Inondasyon

Vil la ap planifye epi aplike anpil pwojè pou jere gwo lapli, men sa ka pran plizyè ane oswa plizyè dizèn ane anvan tout efè efò sa yo vin vizib. Anplis de sa, Vil la p ap janm kapab anpeche tout inondasyon. Pandan gwo lapli ap vin pi souvan, Vil la pral sansibilize rezidan yo epi ankouraje yo pwoteje tèt yo lè yo achte asirans kont inondasyon, menm nan zòn andedan tè yo kote asirans sa a pa t obligatwa anjeneral. Vil la rekonèt ogmantasyon pri kontra asirans yo epi l ap travay avèk patnè

federal li yo pou rezoud pwoblèm sa a. Sepandan, achte asirans kont inondasyon se pi bon fason pou evite yon katastwòf finansye akòz yon inondasyon. Vil la pral travay tou avèk pwopriyetè ak lokatè yo pou fè odit rezilyans epi modifiye pwopriyete yo pou diminye pri asirans lan.

Rezilyans ak Diminisyon Risk

Vil la te fè investisman transfòmatè nan jesyon dlo lapli ki pral amelyore kalite dlo epi prepare li pou tanpèt k ap vin pi grav. Sepandan, toujou gen plis bagay pou fèt. Vil la devlope epi li pral elaji anpil apwòch pou rann vil la pi rezilyan, tankou

- Sistèm enfrastrikti vèt ki ranmase dlo lapli nan lari, twotwa ak lòt sifas di anvan li antre nan sistèm egou a oswa lakòz inondasyon lokal;
- Koridò drenaj natirèl ak marekaj ki transpòte, estoke epi filtre dlo lapli k ap koule sou sifas tè a;
- Amelyorasyon nan enfrastrikti gri ki ta ogmante kapasite egou, izin tretman dlo, estasyon ponpaj, elatriye, nan vil la; epi
- Entegre konsiderasyon sou diminisyon risk, rezilyans ak preparasyon pou ijans nan tout etablisman Vil la (pa egzanp, etablisman swen sante, etablisman edikasyon, zòn lwazi ak espas ouvè, sèvis piblik ak sant evakyasyon) ak pwogram li yo (pa egzanp, asistans pou ti biznis, lojman abòdab ak efò devlopman mendèv).

Planifikasyon

Finalman, Ida te mete aksan sou anpil domèn kote Vil la, patnè gouvènmantral li yo ak lòt pati konsène yo te kapab fè amelyorasyon. Domèn sa yo gen ladan, men yo pa limite a:

- Etidye zòn yo pou efò potansyèl nan zafè rezilyans ak diminisyon risk;
- Planifye pi bon fason pou evakye moun ki nan espas anba nivo tè sizoka ta gen yon inondasyon toudenkou;
- Idantifye kote apatman nan sousòl ak kav yo ye ak fason yo kapab pi byen pwoteje kont inondasyon, dife, elatriye;
- Amelyore metòd pou prevwa, siveye, suiv ak evalye enpak gwo evènman metewolojik yo; epi
- Evalye metòd pou diminye emisyon kabòn epi ogmante rezilyans.

Rezime

Prensip Direktè

Anvan ak pandan elaborasyon Plan Aksyon sa a, Vil la te konsilte rezidan ki te afekte nan katastwòf la, pwopriyetè biznis lokal yo, founisè sèvis yo, Eta Nouyòk, NYCHA, gouvènman federal la ak lòt pati konsène yo pou asire itilizasyon fon Vil la planifye yo reponn ak bezwen yo idantifye yo epi yo ann amoni ak lòt efò rekipasyon yo. Lè Vil la t ap chwazi inisyativ pou finansman yo, li te bay priyorite ak pwogram ki fèt pou ede popilasyon ki pi vilnerab nan Vil la, diminye pèt lavi ak byen alavni, epi ki satisfè kritè kalifikasyon sibvansyon CDBG-DR la. Jan Avi HUD la dekri sa, omwen 80% alokasyon Vil la dwe depanse nan zòn Bronx, Brooklyn, Queens ak Staten Island ke HUD defini kòm zòn ki pi afekte epi ki pi an detrès (MID). Anplis de sa, omwen 70% sibvansyon an dwe itilize pou benefisye moun ak zòn ki gen revni fèb ak modere.

Pwogram yo pwopoze pou finansman yo gen ladan aktivite ki gen rapò ak lojman, enfrastrikti, revitalizasyon ekonomik, sèvis piblik, planifikasyon ak administrasyon sibvansyon an. Aktivite ki finanse yo gen ladan

- Konsèy finansye ak asistans pou asirans kont inondasyon pou ti pwopriyetè kay ak lokatè;
- Sibvansyone mezi rezilyans nan lojman ki gen youn rive kat inite ak lojman ki gen plizyè inite, tankou konplèks lojman piblik;
- Elaji rezo enfrastrikti vèt Vil la;
- Fè sansibilizasyon epi ogmante konesans sou danje nan kominote vilnerab yo;
- Planifye pou rekiparasyon ak rezilyans;
- Pwoteje enfrastrikti ak zòn esansyèl yo kont inondasyon; epi
- Ranfòse kominote yo atravè fòmasyon sou preparasyon pou ijans.

Malgre OMB pral prensipal antite k ap administre sibvansyon an, aplikasyon pwogram sa yo pral mande yon efò kowòdone ant anpil ajans Vil la, Otorite Lojman Vil Nouyòk ak Biwo Majistra a, sitou Biwo Majistra pou Klima ak Jistis Anviwònman. Vil la pral kontinye efò pou fè sitwayen yo patisipe pandan tout dire sibvansyon sa a epi li pral fè ajisteman jan sa nesèsè.

Montan Alokasyon yo Pwopoze yo

Tablo 1-1: Alokasyon pou Pwogram CDBG-DR yo

Non Pwojè a	Finansman "Premye Faz"	Finansman "Premye 2"	Alokasyon Total	Benefis yo Prewa pou Moun ki Gen Revni Fèb ak Modere	Benefis yo Prewa pou Zòn MID Vil la
Lojman					
Retablisman ak Rezilyans NYCHA	\$57,716,383	\$0	\$57,716,383	\$57,716,383	\$57,716,383
Mobilite Lojman ak Rezilyans Jewel Streets	\$20,000,000	\$0	\$20,000,000	\$18,367,495	\$20,000,000
Amelyorasyon Rezilyans: Plizyè Inite	\$21,847,000	\$51,023,632	\$72,870,632	\$72,870,632	\$72,870,632
Enfrastrikti					
Ekspansyon Enfrastrikti Vèt	\$43,720,516	\$33,590,547	\$77,311,063	\$77,311,063	\$77,311,063
Pwoteksyon Red Hook kont Inondasyon	\$0	\$10,000,000	\$10,000,000	\$10,000,000	\$10,000,000
Rekiperasyon Ekonomik					
Preparasyon Distri Komèsyal yo pou Ijans	\$450,000	\$0	\$450,000	\$450,000	\$450,000
Sèvis Piblik					
Asirans kont Inondasyon ak Konsèy Finansye	\$1,000,000	\$1,500,000	\$2,500,000	\$2,500,000	\$2,500,000
Sansibilizasyon sou Danje ak Sansibilizasyon Kominotè	\$7,551,869	\$5,559,678	\$13,111,547	\$12,457,146	\$13,111,547
Planifikasyon					
Planifikasyon Rezilyans	\$26,805,061	\$16,871,463	\$43,676,524	N/A	\$43,676,524
<i>Total Pwogram ki Pa Administratif yo</i>	\$179,090,829	\$118,545,320	\$297,636,149	\$251,672,719	\$297,636,149
<i>Pousantaj</i>				83.94%	
Administrasyon HPD					
Administrasyon CDBG (Community Development Block Grant)	\$8,882,171	\$4,298,680	\$13,180,851	\$9,226,596	\$13,180,851
Total	\$187,973,000	\$122,844,000	\$310,817,000	\$260,899,315	\$310,817,000

Bezwen ki Poko Satisfè ak Alokasyon yo Pwopoze

Dapre Evalyasyon Bezwen ki Poko Satisfè ki nan pwochen seksyon plan sa a, Vil la estime gen yon bezwen ki poko satisfè ki vo \$834,450,000. Estimasyon sa a baze sou pi bon done Vil la te genyen disponib nan moman an, sitou enfòmasyon ki soti nan FEMA, Administrasyon Ti Biznis Etazini ak analiz Vil la. Sepandan, Vil la pral mete seksyon sou bezwen ki poko satisfè yo ajou chak fwa nouvo done enpòtan vin disponib.

Tablo 1-2: Bezwen ki Poko Satisfè ak Alokasyon yo Pwopoze

Kategori	Bezwen ki Poko Satisfè ki Rete yo	% Bezwen ki Poko Satisfè yo	Alokasyon	% Alokasyon Pwogram nan
Lojman	\$447,000,000	53.6%	\$150,587,015	48.4%
Enfrastrikti	\$313,000,000	37.5%	\$87,311,063	28.1%
Revitalizasyon Ekonomik	\$450,000	0.1%	\$450,000	0.1%
Sèvis Piblik	\$22,000,000	2.6%	\$15,611,547	5.0%
Planifikasyon	\$52,000,000	6.2%	\$43,676,524	14.1%
Depans Administratif			\$13,180,851	4.2%
Total	\$834,450,000	100.0%	\$310,817,000	100.0%